दिन– शनिवार दिनांक–14.12.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे भारतक लोकतांत्रिक परम्परा आ विरासत समृद्ध रहल अछि आ ई हमर संविधानक मूल भावना मे सेहो प्रतिबिम्बित होइत अछि। श्री मोदी आइ लोकसभा मे भारतीय संविधानक पचहत्तरि वर्षक गौरवपूर्ण यात्रा पर विशेष चर्चाक जवाब दैत ई बात कहलनि। ओ कहलनि जे भारतक लोकतंत्र विश्व के लेल प्रेरणा अछि। लोकसभा मे प्रधानमंत्रीक संबोधन एखन जारी अछि। एहि सँ पूर्व चर्चा मे भाग लैत संसदीय कार्यमंत्री किरेन रिजिजू संविधान निर्माण मे डॉक्टर भीमराव अम्बेडकरक योगदानक सराहना कयलनि। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी संविधानक भावनाक अनुरूप सबका साथ सबका विकास सबका विश्वास आ सबका प्रयासक मंत्रक संग काज कऽ रहल छथि। ओ कहलनि जे देश स्वतंत्रताक बाद प्रत्येक नागरिक लेल समान अधिकार सुनिश्चित कयलक अछि। चर्चा मे भाग लैत नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधी कहलनि जे देश मे आइ एक वैचारिक संघर्षक स्थिति बनल अछि।

---

एक राष्ट्र एक चुनाव सँ सम्बन्धित दू विधेयक के सोम दिन लोकसभा मे प्रस्तुत कयल जयबाक कार्यक्रम अछि। केन्द्रीय विधि मंत्री अर्जुनराम मेघवाल एक सय उनतीसम संविधान संशोधन विधेयक आ केन्द्रशासित क्षेत्र संशोधन विधेयक लोकसभा मे प्रस्तुत करताह। हालहि मे सरकार देशभरि मे एक संग चुनाव करेबाक लेल एक राष्ट्र एक चुनावक प्रस्ताव पर विचार लेल गठित उच्च स्तरीय समितिक सिफारिश स्वीकार कयने छल।

---

लोक जनशक्ति पार्टीक रामविलासक अध्यक्ष आ केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान एक राष्ट्र एक चुनावक समर्थन करैत कहलनि अछि जे विपक्ष के प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी द्वारा लेल

गेल प्रत्येक निर्णय सँ आपत्ति रहैत अछि। ओ कहलनि जे विपक्ष के एकर मेरिटक आधार पर चर्चा करबाक चाही।

———————————————————————

राष्ट्रीय जनता दलक वरिष्ठ नेता आ पूर्व उपमुख्यमंत्री तेजस्वी प्रसाद यादव आइ दरभंगा मे एक संवाददाता सम्मेलन मे कहलनि जे अगामी चुनाव मे जौं हुनक सरकार बनत तऽ बिहार मे माई–बहिन मान योजना लागू कयल जायत। एहि योजनाक अंतर्गत महिला लोकनि के प्रत्येक मास पच्चीस सय टाकाक आर्थिक सहायता देल जायत। ओ कहलनि जे बिहार मे जनता बेरोजगारी आ महंगाई सँ त्रस्त अछि।

———————————————————————

मधुबनीक टाउन क्लब फील्ड मे आइ जनता दल युनाइटेडक जिला कार्यकर्ता सम्मेलन संपन्न भेल। एहि सम्मेलन मे राज्यसभा सांसद संजय झा आ जदयूक प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा बिहार सरकारक मेत्री लेसी सिंह महेश्वर हजारी आ सांसद रामप्रीत मंडल समेत पार्टीक कतेको पदाधिकारी आ कार्यकर्ता सम्मिलित भेलाह। ई लोकनि सम्मेलन मे अगामी विधानसभा चुनाव के लऽकऽ चर्चा कयलनि।

———————————————————————

पटनाक जिलाधिकारी डॉक्टर चन्द्रशेखर सिंहक विरूद्ध राष्ट्रीय मानवाधिकार आयोग मे शिकायत दर्ज करबाओल गेल अछि। बीपीएससी परीक्षा मे काल्हि पटना मे भेल हंगामाक बीच जिलाधिकारी प्रदर्शन कऽ रहल एक छात्र के थप्पर मारने छलाह। एहि घटना के लऽकऽ उच्चतम न्यायालयक अधिवक्ता ब्रजेश सिंह आयोग मे शिकायत दर्ज करबौलनि अछि।

———————————————————————

बेगूसराय मे जिला शिक्षा पदाधिकारी राजदेव राम बीपीएससी द्वारा चयनित प्रथम चरण मे चारि शिक्षक आ द्वितीय चरण मे चयनित एक शिक्षक के योग्यता पूर्ण नहि हेबाक कारणे सेवा समाप्त करबाक आदेश देलनि अछि। कक्षा एक सँ पाँच धरि मे दू शिक्षक, कक्षा छओ सँ

आठ मे एक शिक्षक, माध्यमिक विद्यालय मे एक शिक्षक जखनकि प्लस टू विद्यालय मे पदस्थापित एक शिक्षकक सेवा समाप्त कयल गेल अछि।

———————————————————————

पटना उच्च न्यायाल समेत प्रदेशक सभ अदालत मे आइ राष्ट्रीय लोक अदालतक आयोजन कयल गेल। लोक अदालत मे आपसी समझौताक आधार पर विभिन्न प्रकारक दीवानी आ किछु प्रकारक आपराधिक मामिला, बैंक ऋण, बिजलीवाद, वाहन दुर्घटना बीमा आ श्रमवाद एहन मामिला के निष्पादन भेल। दरभंगा जिला मे दरभंगा, बिरौल आ बेनीपुर व्यवहार न्यायालय मे कतेको मामिलाक निष्पादन कयल गेल।

———————————————————————

सर्द पछवा हवाक प्रभाव सँ प्रदेश मे जाड़ लगातार बढि रहल अछि। कैमूर आ रोहतास जिला मे किछु ठाम शीतलहरक स्थिति बनल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना सँ प्राप्त जनतबक अनुसार अगिला तीन दिन मे तापमान मे कोनहुं विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि। ओकर बाद तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियसक वृद्धि होयत।

———————————————————————

भागलपुर—जमालपुर रेलखंडक मध्य पिपरा हॉल्ट लऽग एक मालगाड़ीक कपलिंग टूटि गेला सँ एहि रेलखंड पर करीब एक घंटा धरि रेल परिचालन बाधित रहल।

———————————————————————

खगड़िया मे आइ केन्द्रीय विद्यालय अपन बासठिम स्थापना दिवस मनौलक।

———————————————————————

समाप्त